

DWA SOU ENFÔMASYON POU SANTE W

Dwa pou yo Rann ou Kont sou Dilvigasyon:

Ou gen dwa pou w reklame yon lis divilgasyon nou te fè sou PHI ou an ki pa gen ladan l divilgasyon ki fèt pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante yo. Pou w reklame lis la, soumèt yon demann alekri bay Ofisye Chèf Konfòmite a. Demann ou an dwe endike peryòd tan an, ki ka pa dwe pi long pase 6 zan epiki ka gen ladan sèlman dosye pou 10 dènye ane yo. Nou bay premye demann lan nan yon peryòd 12 mwa gratis. Ou kapab genyen pou w peye pou demann ki vin apre yo nan menm peryòd 12 mwa a. Nou pral fè ou konnen depans sa yo ki enplike pou ke ou ka retire oswa modifeye demann ou an anvan angaje nenpòt depans yo.

Dwa pou Resevwa Notifikasyon nan Ka ki gen yon Vyolasyon:

Ou gen dwa resevwa notifikasyon si gen yon vyolasyon PHI ou nan 60 jou apre dekouvèt vyolasyon an. Avi a ap gen ladann yon deskripsyon ki gen ladan l: dat vyolasyon an, sa ki te pase, kalite enfòmasyon, deskripsyon tou kout sou ankèt, etap sa yo pwoteje tèt ou, etap sa yo anpeche plis vyolasyon, ak ki moun ki kontakte pou plis enfòmasyon.

PLENT YO

Si ou kwè yo te vyole dwa vi prive ou, ou ka pote yon plent. Tout plent dwe fèt alekri. **Ou pa pral gen okenn sanksyon oswa vanjans kont ou poutèt ou depoze yon plent.** Pou w pòte yon plent, kontakte Ofisye Anchèf Konfòmite a. Gade enfòmasyon sou kontak lan ki devan nan Avi sa a. Ou kapab depoze yon plent tou nan Depatman Sante ak Sèvis Imen nan Biwo Dwa Sivil yo ("OCR"). Enfòmasyon pou Pòte Plent, kondisyon ak fòmilè pou pòte plent yo, yo disponib nan sit entènèt sa a: <http://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/>.

PA GEN DISKRIMINASYON

TidalHealth konfòme li avèk lwa Federal sa yo ki aplikab a dwa sivil yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, etnisite, relijyon, kilti, langaj, eta sivil, sitiyasyon sosyoekonomik, andikap fizik oswa mantal, koulèpo, orijin nasyonal, laj, andikap, sèks, preferans seksyèl, oswa idantite seksyèl.

Tidal Health konfòme li avèk lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks. ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-302-629-6611.

TidalHealth konfòme ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks. ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-302-629-6611.

TidalHealth

Avi Sou Pratik Konfidansyalite

(Dat Efektif: 09/01/20)

AVI SA A POU PRATIK KONFIDANSYALITE AN ("Avi") DEKRI KIJAN YO KAPAB ITILIZE AK DIVILGE ENFÔMASYON SOU SANTE KI KONSÈNE OU, EPI KIJAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÔMASYON SA A.

Nou konprann ke sante w ak enfòmasyon ki konsène sante w se yon kozman pèsònèl. Nou pran angajman pou n pwoteje enfòmasyon sou sante w.

Tanpri Revize l avèk Atansyon. *Si ou gen nenpòt kesyon sou Avi sa a, ou kapab kontakte Ofisye Chèf Konfòmite nou an.*

Kontak pou Enfòmasyon:

Ofisye Chèf Konfòmite

TidalHealth

801 Middleford Road

Seaford, DE 19973

Telefòn: 1-302-629-6611 ext. 2472

Lalwa egzije TidalHealth pou l mentni konfidansyalite konsènan enfòmasyon sou sante pasyan ki pwoteje yo ("PHI") epi pou ba ou Avi sa a sou devwa legal ak pratik nou yo sou konfidansyalite ki gen rapò ak PHI. TidalHealth la ak anplwaye li yo ("Nou") oblije pou n:

- Mentni konfidansyalite PHI an.
- Ba ou Avi sa a sou devwa legal ak pratik sou lavi prive ki gen rapò ak PHI w.
- Respekte kondisyon Avi sa a.
- Notifye ou si nou pa kapab dakò ak yon amannman oswa yon restriksyon yo egzije sou kijan enfòmasyon ou yo itilize oswa divilge.
- Akomode demand rezonab ou ka fè pou kominike PHI ak lòt mwayen oswa nan lòt lokalite.
- Jwenn otorizasyon alekri pou w itilize oswa divilge PHI w lan pou lòt rezon ki pa pèman, bòdwo, operasyon oswa tretman, ak/oswa jan lalwa pèmèt sa.
- Ba ou yon mwayen pou w reklame yon chanjman nan dosye w.

ARANJMAN SWEN ÒGANIZE POU SANTE

TidalHealth ak anplwaye medikal li yo kole tèt yo ansanm pou prezante dokiman sa a ba ou. TidalHealth pral pataje enfòmasyon bay founisè swen sante yo selon jan sa nesèsè pou reyalize tretman, pèman, epi operasyon swen sante yo. Doktè ki pa anplwaye ak moun k ap bay swen yo ka gen aksè a PHI nan biwo yo pou yo ede nan revizyon tretman ki te fèt yo, paske sa ka gen rapò tretman sa w ap swiv kounye a.

ENFÔMASYON SOU SANTE PÈSONÈL OU

Yo plase enfòmasyon medikal ou nan yon dosye medikal ki se pwopriyete fizik TidalHealth. Chak fwa ou vizite TidalHealth, yo fè yon dosye vizit ou. Tipikman dosye sa a gen dyagnostik ou, sentòm, rezilta egzamen ak tès, tretman, lokalizasyon pou swen oswa tretman nan lavni, ak enfòmasyon ki gen rapò ak bòdwo pou w peye. Avi sa a aplikab pou tout dosye swen ou ke TidalHealth pwodwi.

KIJAN TIDALHEALTH KA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÔMASYON SOU SANTE

Tretman.

Nou kapab divilge PHI ou pou n ba ou tretman medikal oswa bay sèvis a moun ki enplike nan ba ou swen nan TidalHealth (doktè, enfimiyè, teknisyen, etidyan medikal, koòdonatè swen, ak patisipan nan Òganizasyon ki Responsab pou bay Swen ("ACO")). Pa egzanzp, yon doktè k ap trete w pou yon janm ou ki kase kapab bezwen konnen si w dyabetik puiske dyabèt la ka ralanti pwosesis gerizon an.

KIJAN TIDALHEALTH KA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÔMASYON SOU SANTE W

Tretman (Kontinye):

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante w bay moun ki pa nan TidalHealth, men ki ba ou swen medikal, tankou lòt doktè ak mezon retrèt yo.

Pèman.

Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou swen sante w pou tretman pou n mande peye bòdwo ak kolekte pèman nan men ou, konpayi asirans ou, oswa yon moun ki peye kòm twazyèm pati. Pa egzanzp, nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou pou prepare yon reklamasyon pou pèman si ou gen asirans sante, epi nou pral voye bòdwo bay asirans ou an dirèkteman. Nou ka enfome plan sante w lan tou sou kalite tretman ou pral resevwa pou n konnen si plan w lan ap kouvri pèman pou tretman an.

Operasyon sou Swen Sante:

Yo ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou nan bi pou yo opere TidalHealth. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo nesèsè pou n kapab asire nou ke pasyan nou yo resevwa bonjan kalite swen ak sèvis efikas nan yon pri rezonab.

Moun ki Enplike Nan Swen w la:

Nou ka divilge PHI ou bay moun ki enplike nan swen ou, tankou manm fanmi oswa zanmi, sof si ou mande nou pou nou pa divilge PHI ou. Nou ka bay PHI ou a yon moun ki ede peye pou swen ou, ak lòt pwofesyon swen sante, reprezantan gouvènman, oswa òganizasyon sekou pou katastwòf tankou Lakwa Wouj pandan ijans oswa sitiyasyon sekou pou katastwòf pou kowòdone efò sekou pou katastwòf yo ak pou bay mwayen pou kontakte fanmi oswa zanmi w yo.

LÒT ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON SOU ENFÔMASYON SANTE W

Antite ki Kouvri ak ki Afilye:

Nou ka itilize ak divilge PHI ou avèk TidalHealth Nanticoke ak lòt fasilite ki afilye ak TidalHealth pou fè tretman, pèman, ak operasyon swen sante.

Sèvis Fòs Ame:

Si ou se yon veteran oswa yon manm aktif nan militè a, nou kapab itilize oswa divilge PHI w lan selon jan Sèvis Fòs Ame an mande sa.

Asosye Biznis yo nan TidalHealth:

Asosye Biznis yo bay sèvis pou TidalHealth atravè kontra. Anplwaye konpayi sa yo pa anplwaye TidalHealth. Lè gen kontra pou sèvis sa yo, nou ka divilge PHI ou bay Asosye Biznis nou yo pou yo kapab fè travay sa nou mande yo fè yo epi voye bòdwo ba ou oswa twazyèm pati k api peye nou pou sèvis sa nou rann ou yo.

LÒT UTILIZASYON OSWA DIVILGASYON SOU ENFÒMASYON KI KONSÈNE SANTE W (Kontinye)

Asosye Biznis nan Tidal Health yo (Kontinye):

Tout Asosye Biznis yo dakò alekri pou yo aplike garanti ki apwopriye pou pwoteje konfidansyalite PHI ou ki an akò ak kondisyon sou vi prive yo.

Pou Enfòmasyon Kontakte:

Ou ka itilize PHI ou pou w jwenn rapèl sou randevou, enfòmasyon pou altènativ sou tretman, oswa lòt benefis ak sèvis ki gen rapò ak sante ki kapab enterese w.

Investigatè Medikal ak Direktè Ponp Finèb:

Nou ka divilge PHI bay yon investigatè legal oswa egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri, detèmine kòz lanmò an, oswa pèmèt investigatè legal la oswa egzaminatè medikal ranpli ranpli devwa legal yo. Nou ka divilge enfòmasyon tou bay yon direktè finerey.

Enstitisyon Koreksyonèl pou Prizonye yo:

Si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba kontwòl yon ofisyèl ki ranfòse lalwa, nou kapab divilge PHI ki konsène ou bay enstitisyon koreksyonèl la oswa otorite ofisyèl ki ranfòse lalwa a.

Ranmase Lajan onswa Fon pou yon Aktivite:

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou n kontakte ou pou fè don nan yon efò pou ranmase lajan oubyen fon nan non TidalHealth. Ou gen dwa chwazi pa angaje nan kominikasyon pou ranmase lajan onswa fon sa yo. Si ou pa vle enplike ladan l, tanpri fè nou konnen alekri.

Fonksyon Gouvènman/Sekirite Nasyonal:

Nou kapab itilize oswa divilge PHI w lan pou fonksyon espesifik gouvènman an tankou pwoteksyon ofisyèl piblik yo, investigasyon, pwosedi sivil oswa kriminèl, oswa lòt mezi sekirite ke lalwa otorize.

Echanj Enfòmasyon sou Sante ("HIE"):

Nou patisipe nan HIE yo pou fasilite echanj ki nan sekirite sou enfòmasyon sante elektwonik ou pou tretman, pèman oswa lòt operasyon sou swen sante. Nou kapab pataje enfòmasyon ak òganizasyon deyò yo tankou lopital yo, biwo doktè, famasi, konpayi asirans, oswa lòt HIEs. Nou patisipe nan Delaware Health Information Network lan ("DHIN"), CommonWell, ak Chesapeake Rejyonal Information System lan pou Pasyan nou yo ("CRISP"). Patisipasyon HIE pèmèt nou fè echanj enfòmasyon pou nou ka bay pi bon tretman ak kowòdinasyon sèvis swen sante yo. Ou gen dwa pou w pa "patisipe" nan pataje enfòmasyon avèk HIE yo. Si ou pa vle pèmèt doktè, enfimiyè ak lòt moun ki enplike nan swen ou pataje elektwonikman PHI ou youn ak lòt, ou kapab ranpli yon fòmilè pou w pa-patisipe, pou w kapab sòti nan DHIN. Enfòmasyon konsènan chwazi pou sòti nan DHIN lan disponib nan www.DHIN.org/consumer. Enfòmasyon konsènan chwazi pou w sòti nan CommonWell lan, li disponib sou demann lè w kontakte Ofisyè Chèf Konfòmite a.

Echanj Enfòmasyon sou Sante (Kontinye):

Ou ka chwazi "pa patisipe" nan CRISP atravè sit entènèt yo nan www.crisphealth.org.

Ranfòsman Lalwa:

Nou ka divilge PHI ou an repons a yon òdonans tribinal, sitasyon, manda, konvokasyon, oswa pwosesis ki menm jan an, si gen otorizasyon pou sa dapre lwa leta a oswa lwa federal lan. Nou ka divilge PHI ou pou idantifye oswa jwenn yon sispèk, fijitiv, temwen materyèl, oswa moun ki disparèt, oswa pou jwenn enfòmasyon sou viktim yon krim oswa konpòtman kriminèl sou pwopriyete nou yo. Nou ka divilge PHI ou nan sikonstans ijans, pou rapòte yon krim, lokalize yon krim, viktim yo, oswa idantite ak deskripsyon oswa lokalizasyon yon moun ki te komèt krim lan.

Pwosedi Legal ke Lalwa Egzije:

Nou ka divilge PHI ou nan dewoulman nenpòt pwosedi jidisyèl oswa administratif oswa an repons a yon òdonans tribinal oswa administratif. Nou ka divilge PHI w tou an repons a yon dekouvèt yon yon demann an sitasyon, rapòte yon pwodwi pabon, rapèl, Sant Sèvis pou Medicare ak Medicaid ("CMS"), Organizasyon Revizyon Doktè ("PRO"), oswa Depatman Sante ak Biwo Sèvis Imen pou Dwa Sivil yo ("OCR").

Maketing

Yo ka itilize sèlman enfòmasyon debaz demografik yo pou distribye materyèl ki ankouraje sante nan pwogram sa y ap bay yo, tankou avi sou tès depistaj sante, bilten, ak anons pou evènman espesyal yo. Si ou pa vle enplike ladan l, tanpri fè nou konnen alekri.

Donasyon Ògàn/ak Tisi:

Yo kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou rezon donasyon kadav, ògàn, zye, oswa tisi.

Sekirite Piblik oswa Aktivite Sante:

Nou kapab itilize ak divilge PHI lè sa nesèsè pou anpeche yon menas grav pou sante w ak sekirite w oswa sante ak sekirite lòt moun, tankou nan bi pou anpeche oswa kontwole maladi, elatriye. Nou kapab divilge PHI bay moun ki sijè a jiridiksyon Administrasyon Manje ak Medikaman pou rezon sekirite oswa efikasite pwodwi, epi pou rapòte nesans, lanmò, oswa lòt aktivite sou sipèvizyon sante ki gen ladan entèwogasyon, enspeksyon, ak lisans. Nou ka divilge PHI ou pou rapòte abi oswa neglijan konsènan timoun, granmoun aje, ak granmoun ki depanndan yo, oswa pou rapòte vyolans domestik.

Rechèch:

Nou ka itilize oswa divilge PHI w lan pou rechèch si gen yon komisyon revizyon enstitisyonèl oswa konfidansyalite ki apwouve sa yon fason pou asire ke yo pran mezi ki apwopriye pou pwoteje konfidansyalite nan PHI.

Fòmasyon Anplwaye ak Etidyan yo:

Nou ka divilge PHI w lan pou fòmasyon anplwaye ak etidyan yo.

Konpansasyon Travayè

Nou ka divilge PHI w lan pou konfòme li avèk lwa ak règleman sou Konpansasyon Travayè.

LÒT UTILIZASYON POU PHI

Otorizasyon w alekri obligatwa pou pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi; itilize PHI pou rezon maketing; ak pou divilgasyon ki konstitye vann nan PHI. Si ou ban nou pèmision pou n divilge PHI w lan pou rezon sa yo, ou ka revoke pèmision w lan nenpòt ki lè epi nou pa pou kontinye divilge PHI w lan pou rezon sa w mansyone yo nan otorizasyon sa w ekri an. Ou dwe revoke pèmision w lan alekri adrese a Ofisyè Chèf Konfòmite a.

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Obligatwa:

Daprè lalwa, yo dwe fè divilgasyon yo ba lè w mande sa, sof si gen anpèchman medikal, epi lè Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen mande sa pou envestige oswa detèmine si gen konfòmite avèk Lwa sou Asirans Sante sou Pòtabilite ak Responsabilite ("HIPAA").

Pa gen Divilgasyon:

Li nan pratik nou pou n divilge enfòmasyon sou swen sante bay plan sante w la pou nou ka jwenn apwobasyon-davans pou pwoteksyon ak pèman pou sèvis yo.. Si ou vle mete restriksyon sou atik oswa sèvis nan plan sante w lan, ou dwe avize nou davans epi ou dwe fè demann lan alekri.

Reklame Restriksyon yo

Ou gen dwa pou w reklame yon restriksyon oswa limit sou PHI nou itilize oswa divilge pou tretman w, pèman, oswa operasyon swen sante w la. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, eksepte lè demann lan fèt pou yon restriksyon sou divilgasyon pou yon plan sante pou sèvis ke w peye an plen ak lajan nan pòch ou. Nan ka sa yo nou ka oblije dakò ak demann ou an si yo satisfè sèten lòt kondisyon, tankou nan yon ka d ijans. Ou dwe avize Enskripsyon sou nenpòt restriksyon oswa divilgasyon a yon plan sante nan moman kote se oumenm ki peye dirèkteman pou sèvis sa yo.

PWOTEKSYON ANPLIS POU ENFÒMASYON SOU SANTE PÈSONÈL OU

Gen lwa espesyal leta ak federal ki aplike a tip espesifik pasyan ki nan PHI an. Pa egzanp, pwoteksyon an ka aplike nan enfòmasyon ki konsène maladi transmisib seksyèlman, dosye tretman nan abi dwòg ak alkòl, enfòmasyon jenetik ak enfòmasyon sou VIH/SIDA. Lè lalwa egzije sa, nou pral chèche jwenn otorizasyon ou anvan pou nou divilge kalite enfòmasyon sa yo.

DIVILGASYON SOU ENSIDAN

Pandan n ap pran mezi ki rezonab pou n pwoteje konfidansyalite nan PHI ou, gen sèten divilgasyon nan PHI ou ki ka rive pandan oswa kòm yon rezilta inevitab nan yon itilizasyon ki otreman akseptab pou nou oswa divilgasyon PHI ou.

Pa egzanp, pandan y ap fè tretman an, lòt pasyan ki nan zòn tretman an kapab wè oswa tande diskisyon sou enfòmasyon ki konsène sante w la.

DWA AK ENFÒMASYON SOU SANTE W

Dwa pou w Enspekte ak Kopye:

Apa kèk eksepsyon, ou gen dwa pou enspekte epi jwenn yon kopi PHI ou sou papye ke nou konsève nan dosye ki endike pou ou. Si enfòmasyon sa a konsève nan yon fòma elektwonik, ou gen dwa a yon kopi nan fòma elektwonik si nou kapab pwodui kopi sa a fasilman nan fòma sa a. Nou ka fè w peye yon frè pou yon kopi dosye sante pou mete ladan l pri ki asosye ak travay, lapòs, oswa lòt founiti. Nou ka refize demann ou an nan sèten sikonstans ki limite. Si yo refize w aksè, ou ka mande yon revizyon konsènan refi a.

Modifye Dosye Ou:

Si ou kwè enfòmasyon nou genyen sou sante ou pa kòrèk oswa pa konplè, ou gen dwa pou mande pou nou amande enfòmasyon sa ki egziste yo. Ou dwe soumèt demann alekri w lan an pèsòn nan Depatman Dosye Medikal yo. N ap fè w konnen alekri si nou refize demann ou an. Ou gen dwa pou soumèt yon deklarasyon alekri ki pa dakò ak refi a, n ap ajoute oswa lye deklarasyon w lan nan enfòmasyon sou sante ki an konsiderasyon an. Si w ap mande pou nou amande dosye w lan paske ou kwè ke ou viktim vòl idantite medikal, nou pral fè efò rezonab pou ede ou ak koreksyon dosye w la nan fason nou detèmine ki apwopriye nan sikonstans yo.

Mande kominikasyon konfidansyèl

Ou gen dwa pou resevwa kominikasyon sou PHI ou nan yon lòt mwayen oswa nan lòt lokalizasyon. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou nan travay oswa pa lapòs U.S. Demann yo dwe fèt alekri epi gen ladan yo yon adrès postal kote ou pral resevwa bòdwo pou sèvis TidalHealth rann ou ak korespondans ki gen rapò ak pèman pou sèvis yo. Nou rezève nou dwa pou n kontakte ak lòt mwayen ak nan lòt lokalizasyon si ou pa reponn a tout kominikasyon ki soti nan TidalHealth ki mande yon repons.

Yon Kopi Avi sa a sou Papye:

Ou gen dwa pou w gen yon kopi Avi sa a sou papye. Ou ka mande n pou n ba ou yon kopi a nenpòt ki lè. Si ou te dakò pou resevwa Avi sa a elektwonikman, ou ka toujou mande yon kopi sou papye a nenpòt ki lè.

Afich ak Chanjman nan Avi sa a:

Nou pral poste Avi sa a nan biwo TidalHealth yo ak sou entènèt nan <http://www.mytidalhealth.org> avèk dat efektif la. Nou rezève dwa nou pou nou chanje Avi sa a. Y ap bay yon kopi ajou pou nouvo pasyan yo ak yon revizyon pou pasyan sa ki deja etabli aprè.